Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение средняя общеобразовательная школа с. Мичурино
Ардонского района РСО-Алания

| Рассмотрено на заседании МО | Согласовано: зам. дир. по УВР | Утверждаю: Директор |
|---|---|---|
| Руководитель ______ Бокоева З.Л. | ______ Беленко Н.М. | Гаглоева Б. Н. |
| Протокол № 1 | «31» 08 2022г. | Приказ № ___ |
| «31» 08 2022г. | | «1» ___ 2022г. |

# Кусæн программæ ирон æвзагæй

## 2-æм къласæн

Программæ сарæзта

ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг

Туаты Регинæ.

2022-2023 ахуыры аз

## *Кусæн программæ*

Кусæн программæ арæзт æрцыд ног стандарты домæнтæм гæсгæ æмæ ЮНЕСКО-йы кафедрæйы арæзт ахуырадон комплекты бындурыл. Ирон литературон кæсынадæн лæвæрд цæуы къуыри 2 сахаты (æдæппæт 34 ахуырадон къуырийы-68 сахаты)

Райдайæн скъолайы бындур æвæрд æрцæуы сывæллæтты алывæрсыг рæзтæн.

Уымæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг арæзт у ахæм нысан æмæ хæстæ сæххæст кæнынмæ:

- хъуамæ сывæллæттæ сæ кæрæдзимæ иронау дзурын сахуыр уой. Уый тыххæй та хъæуы фидар фæлтæрддзинад кæсын, фыссын æмæ хъуыды кæнынæй;

- иумæйаг ахуырадон зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæнын; ныхасы рæзтыл кусын; фылдæр базонынмæ æмæ интеллект уæрæхдæр кæнынмæ тырнын;

- мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллоны алывæрсыгæй хъомыл кæнын;

- хъазты хуызы сывæллæтты эмоционалон уавæр рæзын кæнын;

- зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырнындзинад рæзын кæнын.

Ног (дыккаг фæлтæры) стандартты домæнтæ сты, цæмæй Уæрæсейы цæрæг алы адæмæн дæр йе ´взаджы кад се ´хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуызыдæр уа йæ ахуыр кæныны хъуыддаг. Уыцы хæстæ та æххæст кæны райдайæн скъола.

**Ирон æвзаджы программæйы сæйраг идея** у скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.

**Ирон æвзаджы программæйы сæйраг хицæндзинад** – скъоладзаутæн

комплексон æгъдауæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтæ раттын.

**Æвзагзонынады программæйы спецификон хицæндзинæдтæ:**

- мадæлон æвзагыл дзурыны нормативон арæхстдзинад: дзырдты растфыссынад æмæ растдзурынад, хъуыдыйæдты арæзт æмæ фыссынад.
- лингвистикон компетенци: æвзаджы иуæгты системон ахуырад, сæ арæзт, зæлынад, фыссынад æмæ ныхас;
- ныхасы компетенци: ныхас æмбарын æмæ дзы арæхстджынæй пайда кæнын хъуыдыйæдтæ аразгæйæ;
- коммуникативон компетенци: æвзагæй пайда кæныны фæлтæрддзинад ныхасы алыхуызон сферæты рæзын кæнын (царды, ахуырады æмæ а.д.);
- культурон компетенци:
- лингвокультуроведческая (лингвокультурологическая) компетенция: изучение русского языка проводится на основе диалога национальной культуры с русской культурой с целью более глубокого понимания их обеих, а также русского языка и русской речи, созданных на русском языке произведений, для подготовки учащегося к межкультурной коммуникации и для его воспитания как

поликультурной личности.

Программæ домы, цæмæй ахуырдзаутæ хицæн кæной мыртæ æмæ дамгъæтæ

Программæ домы, цæмæйскъоладзаутæ базонойтекстысæйрагдæрхъуыдырахицæнкæнын, уацмысымидисхиныхæстæйрадзурын, дзырдтынысаниуæгзонын, текстæнйæ аивадон æууæлтæ рахатын; сахуыруойхъуыдыкæнын, рæзасæ аивадон æнкъарынад, цымыдис æмæ разæнгардкæнойчиныгкæсынмæ.

**Æвзагзонынадыпрограммæйысæйрагнысан:**

- гуырынкæнынуарзондзинадмадæлон æвзагмæ, куыд æппæтиронадæмыкультурæйы æвдисæнмæ;
- ахуырдзаутæмирон æвзаджыарæзт æмæ функицоналонархайдалысферæты æмæ ситуацитызонындзинæдтæ рæзынкæнын;

**Æвзагзонынадыпрограммæйысæйрагхæстæ:**

- ирон æвзагмæ уæлдай ахаст гуырын кæнын, куыд ирон культурæйы аивдæр фæзынд;

- разæнгард кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындурон ахуырмæ,
- раттын зонындзинæдтæ ирон æвзаджы нысанты системæй йæ арæз æмæ йæ функцитæ
- зонындзинæдтæй практикон æгъдауæй пайда кæнын литаретурон æвзагыл дзургæ æмæ фысгæ ныхасы